



## Elèv k ap Antre Nan Nevyèm Ane Pou Ane Eskolè 2012-2013 la

### Sa Elèv ak Paran yo Bezwè Konnen

#### Ki opsyon pou diplòm ki genyen?

Elèv yo dwe reyalize youn nan opsyon pou diplòm sa yo:

- Diplòm estanda 24 kredi
- Opsyon 18 kredi Kourikoulòm Akademik Egzijan Pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL)
- Kourikoulòm Sètifikasi Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE)
- Kourikoulòm Diplòm Bakaloreya Entènasyonal (IB)

#### Ki egzamen eta a egzije pou elèv yo pase \*?

Elèv yo dwe pase egzamen eta sa yo:

- Lekti Klas 10zyèm ane (oswa make pwen ki kòresponn ak ACT/SAT)
- Egzamen final (EOC) Aljèb I si li te pran aljèb I apre 2010-2011, oswa yon pwen ki ka konpare ak Egzamen Preparasyon Pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè a (P.E.R.T)

Elèv yo dwe patisipe nan egzamen final kou sa yo:

- Aljèb I (si yo te enskri apre 2010-2011)
- Byoloji I (si yo te enskri apre 2010-2011)
- Jewometri (si yo te enskri apre 2010-2011)
- Istwa Ameriken (si yo te enskri apre 2011-2012) epi rezulta yo nan egzamen final kou a reprezante 30 poustan nòt kou final la

#### Kisa pwogram akselerasyon kredi (CAP) a ye?

Pwogram sa a pèmèt yon elèv resevva kredi lekòl segondè si li pase yon egzamen eta a san li pa enskri nan kou a. Kou sa yo kapab matyè sa yo:

- Aljèb I
- Jewometri
- Istwa Ameriken
- Byoloji I
- Aljèb II



Foto koutwazi Digital Vision/Thinkstock

#### Ki egzijans ki genyen pou diplòm estanda 24 kredi a?

##### 4 kredi Lang Angle (ELA)

##### 4 Kredi Matematik

- Youn nan yo dwe Aljèb I epi youn nan yo dwe Jewometri
- Sètifikasiyon endistri ki bon pou kredi kolèj ka ranplase jiska de kredi matematik (sòf pou Aljèb I ak Jewometri)

##### 3 Kredi Lasyans

- Youn nan yo dwe Byoloji I, de nan yo dwe gen laboratwa ladan
- Yon sètifikasiyon endistri ki bay kredi kolèj ranplase jiska yon kredi lasyans (sòf pou Byoloji I)
- Yon kou Syans Enfòmatik egzijan nan yon sètifikasiyon endistri ranplase jiska yon kredi lasyans (sòf pou Byoloji I)

##### 3 Kredi Syans Sosyal

- 1 kredi nan Istwa Dimonn
- 1 kredi nan Istwa Ameriken
- 5 kredi nan Istwa Gouvènman Ameriken
- 5 kredi nan Syans Ekonomik

##### 1 Kredi Boza ak Teyat, Pawòl ak Deba, oswa A Aplike

W ap jwenn kou ki akseptab yo nan Rejis Kòd Kou Florida a sou <http://www.fl DOE.org/articulation/CCD/default.asp>

##### 1 Kredi Edikasyon Fizik

Dwe genyen entegrasyon lasante ladan

##### 8 Kredi Kou Ki Pa Obligatwa

##### 1 Kou a Distans

Elèv yo dwe genyen yon pwen mwayèn 2.0 sou yon echèl 4.0.

## Ki egzijans ki genyen pou nominasyon diplòm estanda?

Nominasyon Diplòm Estanda
Apre li fin satisfè egzijans pou diplòm estanda 24 kredi a, yon elèv dwe
<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Genyen 1 kredi nan Aljèb II ;</li><li>▪ Genyen yon kredi nan Estatistik oswa yon kou matematik ki egzijan menm jan an;</li><li>▪ Pase egzamen final kou Byoloji I an</li><li>▪ Genyen 1 kredi nan Chimi oswa Fizik;</li><li>▪ Genyen yon kredi nan yon kou ki egzijan menm jan ak Chimi oswa Fizik;</li><li>▪ Pase egzamen final kou Istwa Ameriken an;</li><li>▪ Genyen 2 kredi nan menm Lang Etranje a; epi</li><li>▪ Genyen omwen 1 kredi nan yon kou AP, IB, AICE oswa yon kou li ap pran nan kolèj pandan li nan lekòl segondè.</li></ul>
Yon elèv pa oblige pase egzamen Byoloji I oswa Istwa Ameriken an si elèv la enskri nan yon kou Byoloji I oswa Istwa Ameriken AP, IB oswa AICE epi elèv la
<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Pran egzamen pou kou AP, IB ak AICE yo; epi</li><li>▪ Li genyen minimòm pwen pou genyen kredi kolèj la.</li></ul>
Nominasyon Diplòm Ekselans
<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Satisfè egzijans diplòm lekòl segondè estanda a</li><li>▪ Genyen youn oswa plis sètifikasyon endistri nan lis ki etabli a (daprè s. 1003.492, F.S.)</li></ul>

## Èske yon elèv ki chwazi pwogram 24 kredi a ka gradye bonè?

Wi, yon elèv ki reyalize egzijans pwogram 24 kredi pou yon diplòm estanda kapab gradye nan pi piti pase ywit trimès.

## Kisa ki diferans ant opsyon ACCEL 18 kredi ak opsyon 24 kredi a?

- Tan pou li genyen 8 kredi kou ki pa obligatwa, li bezwen 3
- Edikasyon Fizik pa obligatwa
- Kou a distans pa obligatwa

Elèv yo dwe reyalize tout egzijans gradyasyon pou yon diplòm estanda 24 kredi (daprè seksyon 1003.4282(10) (d) 1.-5., Lwa Florida [F.S.]).

## Ki kote m ap jwenn enfòmasyon sou Bous Bright Futures la?

Pwogram Bous Bright Futures rekonpanse elèv pou bèl travay yo reyalize pandan lekòl segondè ak finansman pou ale nan yon enstitisyon apre lekòl segondè nan Florida. Pou plis enfòmasyon, vizite

<http://www.floridastudentfinancialaid.org/SSFAD/bf/>.

## Ki opsyon enstitisyon publik apre lekòl segondè ki genyen?

SUS (Sistèm Invèsite Eta)
Gen anpil konpetisyon pou antre nan invèsite publik Florida yo. Elèv ki ta renmen antre nan yon invèsite publik dwe pase yon kourikoulòm egzijan pandan yo nan lekòl segondè epi aplike nan plis plase yon sèl invèsite pou gen plis chans youn aksepte yo. Pou kalifye pou antre nan youn nan invèsite publik Florida yo, etidyan ki nan kolèj pou premye fwa yo dwe satisfè egzijans minimòm sa yo: <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Gradyasyon nan lekòl segondè ak yon diplòm estanda</li><li>▪ Rezulta egzamen admisyon yo</li><li>▪ 16 kredi kou preparatwa akademik pou kolèj</li><li>▪ 4 Angle (3 ak yon bon kantite redaksyon)</li><li>▪ 4 Matematik (Aljèb nivo I oswa pi wo)</li><li>▪ 4 Syans Natirèl (2 ak ase laboratwa)</li><li>▪ 3 Syans Sosyal</li><li>▪ 2 Lang Etranje (yon nivo apre lòt, nan menm lang la)</li><li>▪ 2 kou ki pa obligatwa ki otorize</li></ul> <p><a href="http://www.flbog.edu/forstudents/planning">http://www.flbog.edu/forstudents/planning</a></p>
Sistèm Kolèj Florida a
Gen 28 kolèj eta ladan. Enstitisyon sa yo ofri sètifikasi pou yon metye oswa degré de ane ki prepare etidyan yo pou transfere nan yon pwogram lisans oswa pou al fè yon travay ki mande yon konpetans an patikilye. Epi tou gen anpil ki ofri degré bakaloreya nan domèn ki toujou bezwen moun. Enstitisyon Sistèm Kolèj Florida yo gen yon politik pòt louvri. Sa vle di elèv ki genyen yon diplòm lekòl segondè estanda, sa ki egal a yon diplòm lekòl segondè oswa demontre yo ka travay byen nan kou nan yon enstitisyon apre lekòl segondè ka antre nan yon pwogram degré de ane. <p><a href="http://wwwfldoe.org/fcs">http://wwwfldoe.org/fcs</a></p>
Sant Metye ak Sant Teknik
An plis Florida ofri etidyan yo sant metye ak sant teknik nan tout eta a. Sant sa yo bay fòmasyon ak sètifikasyon ki nesesè pou travay nan yon metye oswa domèn teknik an patikilye. Pwogram yo pa twò rijid pou etidyan yo epi yo bay edikasyon pou endistri yo bezwen al travay la menm ak fòmasyon pou differan metye. <p><a href="http://wwwfldoe.org/workforce/pdf/DistrictTechnicalCenterDirectors.pdf">http://wwwfldoe.org/workforce/pdf/DistrictTechnicalCenterDirectors.pdf</a></p>

## Ki kote m ap jwenn enfòmasyon sou asistans finansyè?

Biwo Pwogram Asistans Finansye Eta Pou Etidyan an jere differan sibvansyon ak bous eta a finanse pou etid apre lekòl segondè.

<http://www.floridastudentfinancialaid.org/>

\*

Politik komite distri a adopte kòm règ kapab egzije nenpòt gwoup etidyan pou pèfòmans yo nan yon egzamen final eta ki nòmalize reprezante 30 pouzan nòt final li pou kou a.